



Pou Piblikasyon Imedya: 26/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

ISTWA SIKSÈ NAN YON ANBA LAVIL: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL OSWEGO A

Seremoni koupe riban pou 'Splash' Indoor Water Park Resort la make finisman pwojè DRI final Oswego a; Fè Oswego vin premye kominote DRI nan Eta a ki fini tout pwojè li yo

Nouvo pak akwatik la ap kreye djòb epi atire vizitè nan anba lavil Oswego, ajoute dinamis ak revitalizasyon ke DRI kreye a

Inisyativ DRI ki fini a ogmante lojman nan anba lavil Oswego, favorize angajman kontini Gouvènè a pou fè New York pi abòdab

Gade foto anvan ak apre pwojè DRI Oswego yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman pwojè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) final Oswego a nan yon seremoni koupe riban pou "Splash" Indoor Water Park Resort (Konplèks Pak Akwatik Andedan "Splash") la. Finisman pwojè sa fè Oswego vin premye kominote DRI nan Eta a ki fini tout pwojè DRI li yo.

"Avèk seremoni koupe riban sa pou "Splash" Indoor Water Park Resort a, Oswego te konplete yon total 10 pwojè pou amelyore anba lavil li epi vin yon kominote modèl DRI," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekperyans Oswego demonstre patenarya publik ak prive ki enpòtan anpil epi ki nesesè pou asire siksè pwogram lan epi ensite developman ekonomik nan tout rejyon an. Istwa siksè sa ka sèvi kòm yon egzanp pou lòt kominote yo pandan n ap gade lavi pwogram DRI ak NY Forward nou yo epi kontinye travay pou konstui yon pi bon avni pou tout Nouyòkè."

Sekretè Deta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Ou ka santi enèji, dinamis ak kontantman pwojè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil yo kreye lè ou vizite Oswego. Vil la te chwazi epi entegre majistralman divès pwojè ki sèvi egzanp pou vizyon ak objektif DRI a, ki poze baz pou plis envestisman k ap vini pandan pwosesis revitalizasyon an kontinye ap dewoule epi sèvi kòm yon egzanp briyan pou lòt kominote k ap patisipe nan pwogram sa. Felisitasyon a Vil Oswego pou reyalizasyon enpòtan sa."

"Splash" Indoor Water Park Resort se yon destinasyon familyal kat sezón ki konekte ak Otèl Clarion ak Sant Konferans ki bay sou Rivyè/Kanal Oswego, ki konekte pwojè a ak bò rivyè vil la ke yo renmen anpil ak istwa maritim rich li antanke Vil Pòtyè a. Splash apiye devlopman ankraj ak atraksyon nan anba lavil la —kote anpil nan yo te fonde pa DRI ak lòt pwogram Eta a—pou ranfòse cham anba lavil la antanke yon destinasyon amizan, epi familyal.

DRI te bay 500,000 dola pou pwojè a ke Shane Broadwell nan Broadwell Hospitality Group te mete anplas. Broadwell estime ke Splash ap kreye 60-70 djòb nan sezón pik la. Pak akwatik la ap sipòte biznis ki nan antouraj yo tou lè li atire plis vizitè nan zòn nan.

Oswego te resevwa yon prim DRI 10 milyon dola nan premye faz pwogram lan an 2016. Plan Envestisman Estratejik Vil la te konsantre sou ogmantasyon lojman nan anba lavil la, devlope ti biznis, epi bay divètisman ak opsyon pou dine pou tout laj, pandan l ap maksimize aksè nan bò dlo ki presye li a. Jiska preznan, pwojè Oswego yo te kreye plis pase 200 inite lojman pou fanmi tout nivo revni, 12 espas komèsyal ak plis pase 150 nouvo travay tan plen ak tan pasyèl.

Nan kad Inisyativ DRI a, Oswego te konplete yon total 10 pwojè revitalizasyon:

- **Konstui konplèks "Splash" Indoor Water Park Resort la - Sibvansyon DRI 500,000 dola; Montan total pwojè a 5,600,000 dola:** Konstwi nouvo konplèks "Splash" Indoor Water Park Resort pou atire vizitè epi kreye yon destinasyon familyal nan anba lavil la pandan tout kat sezón yo, ki relye ak yon otèl ak yon sant aktivite/konferans ki egziste toupre rivaj la.
- **Kreye Riverwalk, yon Developman plizyè biling pou itilizasyon melanje sou West First Street - Sibvansyon DRI 2,000,000 dola; Depans total pwojè a 9,500,000 dola:** Kreye 32 apatman nan to mache a avèk 28 espas paking andedan nan Oswego. Riverwalk te kreye 20 travay tan konplè ak 25 travay tan pasyèl Oswego ak yon pewòl ki depase 700,000 dola, anplis 10 estilis endependan tan konplè ki kòmanse pwòp biznis yo nan Riverwalk Salon Suites.
- **Kreye Harbor View Square, yon Redvelopman revni melanje - Sibvansyon DRI 740,000 dola; Montan total pwojè a 29,200,000 dola:** Te konplete yon redvelopman revni pataje nan pwojè sit endistriyèl yo, ki bay 75 inite lojman ak 8,000 pye kare espas komèsyal nan 68 West First Street nan Oswego.
- **Transfòme Midtown Plaza an East Lake Commons, yon Developman pasrèl pou itilizasyon melanje - Sibvansyon DRI 2,000,000 dola; Depans total pwojè a 25,200,000 dola:** Demoli estrikti ki egziste sou sit la, ki te yon degou pou anba lavil la, epi ranplase yo ak yon nouvo devlopman ankraj ki atreyan, k ap kreye 2 travay tan konplè ak 70 inite lojman ant 50-80% Revni Mwayen Zòn nan.

- **Restore Bilding Istorik Buckhout-Jones epi Renove Mize Timoun Oswego - Sibvansyon DRI 480,000 dola; Depans total pwojè a 3,200,000 dola:** Estabilize epi repare fasad bilding istorik Buckhout-Jones lan ki sitiye nan sant anba laval la. Renove espas la epi enstale ekspozisyon edikatif ak kiltirèl pratik pou Mize Timoun Oswego a, ki sitiye nan etaj baz nan bilding lan. Pwojè sa te kreye 13 djòb epi konvèti 5 ansyen chanm otèl an inite rezidansyèl.
- **Transfòme Bilding istorik Cahill la an lojman ak yon restoran - Sibvansyon DRI 700,000 dola; Depans total pwojè a 1,750,000 dola:** Estabilize imèb Cahill la, pi ansyen estrikti nan Oswego, epi kreye 7 rezidans ak 2 espas komèsyal, ansanm ak 2 djòb tan pasyèl.
- **Amelyore Santye Rivyè a epi Kreye yon Mini Pak - Sibvansyon DRI 680,000 dola; Depans total pwojè a 930,000 dola:** Konstwi amelyorasyon nan rezo sante bò rivaj la pou bay pi bon koneksyon ak anba laval la epi ofri plis ekipman pou itilizatè yo, ki enkli nouvo kloti, peyizaj, ekleraj, chèz, siyalizasyon ak nouvo pwen aksè. Kreye yon mini pak sou pwopriyete vil la nan yon lokalite santral kle anba laval la – ki bò kote yon seri pwojè DRI ki antoure espas la - ak yon espas piblik ki fleksib pou rasanbleman kominotè ak espas evènman piblik. Espas sa loje yon seri konsè ete chak semèn kounye a ke kominote a byen patisipe ladan yo.
- **Kreye L.I.T.A.T.R.O. [Chans se kapasite pou rekònèt opòtinite (Luck Is The Ability To Recognize Opportunity, L.I.T.A.T.R.O.)] Bilding pou itilizasyon melanje avèk inite rezidansyèl, magazen detay ak yon restoran - Sibvansyon DRI 1,000,000 dola; Depans total pwojè a 7,200,000 dola:** Redevlope yon bilding yon sè etaj Global Buffet nan ang W. First Street ak W. Bridge Street nan yon bilding de etaj pou itilizasyon melanje, k ap kreye 20 inite lojman, 42 nouvo djòb ak yon restoran ak teras sou twati a.
- **Etabli Fon pou amelyorasyon anba laval Oswego a - Sibvansyon DRI 600,000 dola; Montan total pwojè a 933,483 dola:** Sipòte kwasans biznis lokal, renovasyon imèg ak pwogramasyon ekstèn, atravè yon prè renouvlab ak fon pou sibvansyon/prè konbine.
- **Fè yon renovasyon konplè ri yo sou West Bridge Street - Sibvansyon DRI 1,000,000 dola; Montan total pwojè a 1,600,000 dola:** Kreye yon koneksyon ki san danje, atiran epi chaman ant pati nò anba laval la ak zòn bò dlo a ak nouvo karakteristik tankou twotwa, ki konfòm ak ADA, pasaj pou pyeton ak twou twotwa, tras nan lari, ak enfrastrikti vè.

DRI Oswego bay egzanp vizyon ak objektif pwogram lan lè li asire ke tout pwojè yo gen sinèji youn ak lòt epi eksplwate envestisman siplemantè sektè prive ak piblik yo ki depase 10 milyon dola sibvansyon DRI a nèt. Envestisman 10 milyon dola nan pwojè DRI yo nan Oswego te itilize 63.6 milyon dola nan envestisman siplemantè sektè prive

a — plis pase yon 6-fwa-1 retou sou envestisman. Nan kad sa, Depatman Deta a te pwodui yon etid dosye sou DRI Oswego a [isit la](#).

Pwopriyetè Splash Indoor Water Park Resort ak Broadwell Hospitality Group, Shane Broadwell te deklare, "Splash Indoor Water Park Resort kontan pou se pwojè kilminan yon renesans ekstraòdinè ki fètnan kominote Oswego a, nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Eta New York lan. Pwojè 5.6 milyon dola nou an pa t ap posib san soutyen DRI ak lòt pwogram ETA yo, epi nou vreman rekonesan pou patenarya sa yo. Ak ouvèti pak akwatik nou an, nou pa t sèlman obsève antouyas fanmi k ap vizite nou yo men, men Splash te bay nouvo opòtinite nan kominote a, k ap kreye 60-70 djòb pandan sezon pik yo, epi apiye cham anba lavil nou an antanke yon destinasyon ki amizan, epi familyal."

Direktè Egzekitif ak PDG ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight te deklare, "Devlopman ekonomik plis pase djòb ak kwasans sektè a sèlman - se ranfòse sant kominotè nou yo tou nan fason ki rann yo pi atreyan pou rezidan, vizitè ak biznis yo menm jan, epi Oswego te reyalize sa avèk ouvèti nouvo "Splash" Indoor Water Park la. Avèk finisman pwojè pasyonan sa, Oswego te reimajine bò dlo li a an yon sant vil dinamik epi atiran. Felisitasyon a Vil Oswego dèské li atenn etap enpòtan sa."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a (Homes and Community Renewal, HCR), RuthAnne Visnauskas te deklare, "Lè nou koupe rido jodi a, sa make achèvman angajman 10 milyon dola DRI Eta a nan Oswego, premye minisipalite ki atenn etap enpòtan sa nan pwogram sa. HCR fyè dèské li te jwe yon wòl nan yon inisyativ ki kreye nouvo opòtinite lojman pou rezidan nan tout nivo revni nan bèl vil k ap renouvel sa. Felisitasyon a tout sila yo ki te enplike nan planifikasyon ak egzekisyon inisyativ sa — san dout, travay ou ap benefisyé jenerasyon rezidan, biznis, ak vizitè Oswego yo."

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New Yor Santral, Randy Wolken, Prezidan ak Direktè Egzekitif Asosyasyon Pwodiktè New York Santral, ak Prezidan Le Moyne College, Linda M. LeMura, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè a te fè egzakteman sa li te deziyen pou fè a. Finansman 10 milyon dola DRI a te ede alimante yon seri pwojè sible, ki fè pwomosyon kwasans ekonomik epi kreye yon zòn anba lavil ki dinamik kote moun vle viv, travay epi jwe. Bèl kominote bò dlo sa te konsevwa epi egzekite ak ekspètiz plan estratejik ki akse sou kominote li a - yon plan k ap kontinye benefisyé alafwa rezidan ak vizitè yo menm jan pou jenerasyon k ap vini yo."

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Mwen kontan pou wè ke vizyon pou anba lavil Oswego a tounen yon reyalite. Antanke premye vil ki fini Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil li a, Oswego tabli egzanp pou vil ak katye atravè Eta a. Mwen empasyan pou mache sou Pwomnad bò Rivyè ki amelyore a epi mwen pwolonje felisitasyon mwen bay ofisyèl ak pati ki konsène nan vil la ki te devlope epi egzekite

plan siksè sa. Mwen remèsyé Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip ak angajman li nan Santral New York."

Manm Asanble William A. Barclay te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Oswego a te pwouveli se yon siksè ki depase. Pwojè ki konplete yo, ki enkli konplèks 'Splash' Indoor Water Park Resort, ki fèk kreye a, ap kontinye kreye djòb, atire vizitè epi mete aksan sou bote natirèl gran rejon nou an. Mwen espesyalman fyè de travay di nou te fè nan pwojè sa yo, epi mwen pa gen okenn dout ke y ap genyen yon enpak ki dirab sou kalite kominote ak ekonomi lokal nou yo. Felisitasyon pou tout sila yo ki enplike pou bay pwojè sa yo vi."

Majistra Oswego a, William J. "Billy" Barlow, Jr. te deklare, "SPLASH Indoor waterpark la pote yon lòt enstalasyon inik ankò pou Oswego nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. Pak akwatik andedan an se yon lòt atou ekonomik pou kominote a akoz nou ka fè piblisite pi byen pou tèt nou antanke yon vrè destinasyon pandan tout ane a, pandan n ap amelyore kalite lavi pwòp rezidan nou yo lè nou bay yon aktivite lwazi siplemantè. Mwen remèsyé Broadwell Hospitality Group ansanm ak Eta New York dèské yo travay ak gouvènman vil la pou fè pwojè sa pote fui epi nou konnen ke I ap sèvi kòm yon gran atou pou rejon nou an vanse pou pi devan."

Direktè Egzekitiv Chanm Komès Greater Oswego-Fulton, Sara Broadwell te deklare, "Konplèks "Splash" Indoor Water Park Resort la kreye djòb nan Oswego men sa ki pi enpòtan, li kontribye nan kalite lavi Oswego. Envestisman eta a nan Oswego atravè DRI a te ede kreye yon kominote ki pi dinamik ke tout moun ka pran plezi ladan I. Sa ede tout ti biznis Oswego yo paske li atire nouvo rezidan ak touris nan vil nou an chak jou. Nou enpasyen pou sipòte nouvo pak akwatik la epi asire siksè li nan Oswego."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou envestisman. DRI ke Depatman Deta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvelman Kay ak Kominote ak Otorite Rechèch ak Developman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) dirije, reprezante yon estrateji san parèy epi inovan "planifye-anwit-aji" ki asosye planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ki abouti sou anba lavil ki konpak, ki adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou pou reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò publik ak rediksyon depandans sou machin prive yo.

Nan senk premye ane pwogram nan, eta a te angaje 600 milyon dola, envesti nan 59 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevelopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418